

# ANN TEKE FREN KORONA

1. Nap Teke fren Panik
2. Nap Teke fren Move enfomasyon
3. Nap Teke fren Move desizyon ak move konpotman
4. Nap Teke fren maladi a.

Maladi Covid-19 sa nou rele maladi koronavirus se youn kalte grip ki fenk parèt sou planet la depi novanm 2019 nan peyi Lachinn. **MALADI SAA POKO RIVE AN AYITI.** Se ministè sante piblik ki ap di nou si li rive. Kidonk tande radyo ak konsey otorite yo pou nou konnen kisa pou nou fè.

Maladi saa kapab trape lè ou vini an kontak avek goutlèt ki soti an bouch ak nan nen you moun ki genyen viris saa. Sa ve di ou kapab trape li lè nan postiyon youn moun ki malad si li touse, osinon etènne, osinon nan pale and respire twop pre visaj ou.

Ou kapab trape li tou si men ou touche visaj ou, je ou, nen ou, bouch ou apres ke men ou sot touche youn bagay kote jenm nan te poze apre ke youn mounn te finn touse sou li.

Sa vle di li fasil pou evite maladi saa. Men kisa nou ap fè pou evite trape maladi saa. Sonje Mesaj kle ki soti nan TEKE FREN: TOUSE, ENTÈNE, KONPOTMAN, EDIKASYON, FIGI, RASANBLEMAN, ENFOME, NETOYE

## **TOUSE, PALE ak ESTÈNE;**

**Mesaj : Nap Jere touse, estène, pale nou, epitou nap jere lot moun ki tou pre nou.**

Touse, Estène, Pale, Respirasyon. Se konsa viris lan voyaje sot nan youn moun pou ale nan youn lot.

- Pou nou teke fren Korona, nap touse ak estène nan mouchwa, nan papye ke nap jete nan poubèl, osinon nan koud nou si nou pa genyen papye.
- Pou nou teke fren Korona noua p evite mounn touse tro pre figi nou.
- Pou nou jere Korona nap mete mask si nou ap touse kelkeswa kalte tous nou genyen.

## **ENTENE,**

**Mesaj : Pou nou teke fren Korona nap anpeche viris la pa sikile lib et libè nan peyi nou.**

Pou nou teke fren Korona nap anpeche viris la sikile lib et libè nan peyi nou. Pifò mounn ki fè maladi saa pa malad grav. Mounn saa yo se lakay yo rete pou para tretman yo. Pou nou fè saa tout moun ki mala dwe entène pou yo pa mache bay lot mounn maladi a. ou kapab entène lakay ou osinon nan lopital ke leta ayisyen prepare pou saa. Men kèk règ jwet saa.

- o 1- lè ou malad rele nan nimwo otorite yo bay ou pou rele epitou moun ki fome pou saa ap vinn ede ou.

- 2- si yo di ou met rete pran tretman lakay ou, wap fè sa yo di ou epi tou wap toujou kenbe youn mask sou figi ou. Konsa ou ap evite bay moun lakay ou maladi a.
- 3- si ou dwe swiv nan lopital yo ap menen ou nan anbilans nan sant sante ki reseve pou saa et pitou wap jwenn tretman gratis ti cheri.
- Si ou pa geyen mwayen pou rele nan telefonn, youn moun ki tou pre ou kabap ale nan sant ki pi pre ou an pou mande enfomasyon sou tretman ke ka pa ou an nesesite.

## **KONPOTMAN,**

**Mesaj : Konpotman nou se sa ki kapab teke fren Korona osinon bali jarèt.**

- Pou nou Teke Fren Korona nap adopte bon konpotman tankou :
  - Lave men nou avek dlo pwopak savon osinon likid sanitayzè,
  - Touse ak Estène nan mouchwa, nan papye, osinon nan koud nou si nou pa genyen papye. Epi tou, nap jete papye sal yo nan poubèl, nap lave mouchwa sal yo souvan. Nap lave koud nou ak manch rad nou lè nou rantre lakay nou.
  - Nap evite voye postiyon nan figi moun, evite krache atè ak krache nan lari,
  - Nap evite mete men nou tout tan nan figi nou.
  - Nap mete youn mask sou figi nou si nou ap touse,
  - Nap rete pran tretmant lakay nou si nou genyen grip ak lafyèv ki pa merite entene lopital.
- Pou nou Teke Fren Korona, nap evite move konpotman tankou:
  - Panike epi tou fè tout kalte remèd, swiv tout kalte konsey pou pa trape maladi a.
  - Refize pwoteje tèt ou ak pwoteje lot moun,
  - Refize swiv mesaj, konsey avek konsiy ke otorite ak ministè sante piblik ap bay.

## **FIGI,**

**Mesaj : Figi nou se pot kote Korona antre nan ko moun, an nou pwoteje figi nou**

- Pou nou Teke Fren Korona nap evite manyen figi nou tout tan:
  - Lave men nou avek dlo pwopak ak savon osinon avek likid sanitayzè,
  - Antrene nou pou nou evite manyen je nou, nen nou, zorey nou ak bouch nou sans men nou pa lave.
  - Itilize mouchwa pwopak osinon mouchwa ou kapab jete pou siye figi nou.

## **RASANBLEMAN,**

**Mesaj : Si maladi a antre anayiti, Rasanbleman, Foul avek moun pil sou pil se gwo danje**

- Pou nou Teke Fren Korona nap evite kontak sere two souvan. Ann pa rete two pre lot moun le yo ap pale:
  - o Rete two pre moun ki ap pale, ki ap touse, ki ap etenye se youn risk. Rete youn distans youn mèt ki vle di tout longè bra youn grand moun osinon pi lwen.
  - o Bay lanmen kapab fet si ou lave men ou apre
  - o Akolad ak tibo kapab transmet maladi a.
- Pou nou Teke Fren Korona nap evite ale nan foul. Nap swiv konsiy otorite yo.
  - o Tout rasanbleman tankou koujay, manifestasyon, mache, lekòl, legliz kapab youn risk. Se pou moun ki ap oganize rasanbleman sa you pran mesi ki nesèsè depi maladi a antre anayiti. Swiv konsiy otorite yo.

## **ENFOME,**

**Mesaj : Inyorans se pi gwo ennmi lasante. An nou chache genyen bon jan enfomasyon lè nou ap koute mesaj que MSPP ak patnè li yo ap voye pou nou.**

- Pou nou Teke Fren Korona nap evite al pran enfomasyon tribo babo. An nou kote enfomasyon nan bon ti mamit ki pote pou p asila yo ki responsab ak sila yo ki konnen.
  - o Bon jan enfomasyon yo ap vini jwen nou nan radyo, nan televizyon, sou chè legliz nou ak nan mesaj otorite yo pote.
- Pou nou Teke Fren Korona nap evite PANIKE.
  - o Panik pa janm rezoud pwoblem epitou li kreye anpil dega.
  - o An nou pa kwè tout sa mounn ap di epitou al fè nenpot kisa paske yon lot moun di nou li.
- Pou nou Teke Fren Korona nap evite voye mesaj tèt chaje sou rezo sosyo yo.
  - o Move mesaj fè anpil malè rive mounn ki inosan. Lè ou resevwa youn mesaj o upa konnen si li vre, mande moun ki konnen anvan ou pataje mesaj sila.

## **NETOYE**

Pawol la di; Ala bèl Bagay se lasante, men li pa mache san lapwopte! Lijyèn se pi gwo zamm pou teke fren korona.

- Pou nou Teke Fren Korona an nou rekomanse fè lapwopte blayi tou patou.
  - o Pa Krache atè, Pa Krache nan lari,
  - o Fè bezwen nou nan twalèt ki pwop.

- Lave men nou, figi nou, mouchwa nou, manch rad nou (si nou touse ladan li) tout tan
- Netoye manch pòt, seri, chèz, ban, brèf tout bagay mou men moun manyen tout tan.
- Netoye telefonn ou tout tan
- Mete kote pou mounn lave men nan tout rakwen,
- Jete fatra yo nan poubèl,